



## Pwogram Early Head Start (Avans Bonè) pou Fanm Ansent



# PREPARASYON POU LEKÒL KÒMANSE LA A.



## Kisa Pwogram ABCD Early Head Start pou Fanm Ansent la ye?

Pwogram Early Head Start pou Fanm Ansent lan ede fanm ansent yo jwenn swen prenatal ak edikasyon ki apwopriye pou asire kwasans ak devlòpman timoun timoun ki nan vant yo a. Li fè pati pwogram Early Head Start ki resevwa finansman federal pou pou ede timoun yo prepare pou lekòl, byennèt fizik, ak devlòpman kognitif ak sosyo-emosyonèl timoun.

### *Pwogram pou Fanm Ansent la ofri sèvis sa yo:*

#### **Edikasyon:**

Chak fanm ansent ap asosye avèk yon Vizitè Kay oswa yon Reprezantan Fanmi. Yo etabli yon orè ak fanm ansent lan ak fanmi li epi detèmine konbyen fwa yo pral kontre ak ki kote reyinyon an ap fèt, tankou kay fanm lan, pwogram Early Head Start ki reprezante li a, oswa nan kominate a. Pandan reyinyon sa yo, Vizitè Kay / Reprezantan Fanmi an bay resous, enfòmasyon ak / oswa opòtinite pou jwenn fòmasyon fòmasyon pou edikasyon avan akouchman ak apre akouchman tankou: devlòpman tibebe a nan vant, efè alkòl ak fimen sou tibebe nan vant la, tranche ak akouchman, avantaj ki genyen lè ou bay tete, depresyon apre akouchman ak swen tibebe a.



### Sante Fizik ak Sante Mantal ak Nitrisyon:

Yon pwofesyonèl sante mantal disponib pou bay sèvis sante mantal pou soutni fanm ansent yo ak fanmi yo. Vizitè Kay / Reprezantan Fanmi fanmi an pral travay ak paran an pou fè tout referans ki nesesè. Yo pral fè yon evalyasyon pou depresyon apre akouchman apre tibebe a fèt.

Yon Manadjè Sante pral kontre ak chak fanm ansent pou ranpli yon kesyonè sante prenatal epi bay enfòmasyon sou enpòtans swen prenatal, swen dan, ak konsekans alkòl, fimen sigarèt ak dwòg kapab genyen pandan gwo sès la. Manadjè Sante a ap fè referans nesesè pou swen dantè, swen prenatal ak abi dwòg. Yon fwa tibebe a fèt, Manadjè Sante a pral fè yon Vizit nan lespas de (2) semèn pou asire byennèt manman ak tibebe a.

Yon Nitrisyonis pral ak chak fanm ansent pou pou ranpli yon kesyonè sou nitrisyon prenatal epi bay enfòmasyon sou manje ki bon pou sante pandan gwo sès, avantaj ki genyen lè ou bay tete, referans pou WIC ak lòt bezwen nitrisyonèl. Yon fwa ke ti bebe a fèt, nitrisyonis la pral ranpli yon sou kesyonè nitrisyon epi bay plis enfòmasyon sou avantaj ki genyen nan bay tete, manje tibebe ak kijan pou prezante nouvo manje.





### **Soutyen pou Fanmi:**

Manm pèsonèl lan devlope yon patenarya ak chak fanmi pandan y ap travay ansanm anvè objektif yo te devlope yo. Manm pèsonèl bay resous ak referans, entèvansyon kriz, ak soutyen pou fanmi ki reflete bezwen yo ak enterè yo. Epi tou yo ofri opòtinite pou fanmi yo konekte youn ak lòt, ak pwogram nan, ak kominote a an jeneral, ak yon konsantrasyon sou sipò pou devlopman fanmi an sante, lidèchip, ak konpetans nan travay.

### **Angajman Fanmi yo:**

Angajman Fanmi yo jwe yon gwo wòl kòm patnè nan Early Head Start ak fanmi ansent yo pou sipòte aprantisaj pitit yo apre timoun nan fin fèt. Ap gen atansyon espesyal ak planifikasyon avèk paran yo ak manm pèsonèl la pou asire gen yon plan ki apwopriye an plas pou timoun ki fèt la pou fè tranzisyon pou soti nan youn nan pwogram nou yo epi pou ale nan yon lòt. Paran yo kapab fè pati planifikasyon pwogram nan kote yo patisipe nan reyinyon yo epi yo bay fidbak so pwogram yo yo. Anpil paran sèvi kòm Manm Konsèy Politik Paran ak / oswa Komite Paran yo, kote yo gen yon vwa nan desizyon yo ka planifikasyon pwogram yo. Epi tou, yon lòt fason paran yo patisipe nan aprantisaj pitit yo se lè yo fè benevola nan pwogram nan, ale nan sòti akademik, patisipe nan klas, gwooup, oswa atelye, ak fè plis aktivite nan kay la apre yo te aprann pandan tan lib yo.

# Kijan pou mwen aplike?

Si ou ansent ou ka kalifye pou Pwogram Fanm Ansent nou an. Nou aksepte aplikasyon pandan tout ane a. Pou pwogramme yon randevou pou ranpli yon aplikasyon ou kapab:

- Rele oswa ale nan biwo lokal pwogram ABCD Early Head Start ou a.
- Rele biwo Santral nou an nan 617-348-6388.
- Voye yon imèl ba nou nan [headstart@bostonabcd.org](mailto:headstart@bostonabcd.org)

## ***Lè ou pran yon randevou pou ranpli yon aplikasyon y ap mande pou ou bay dokiman sa yo:***

- Prèv kote li rete: Bòdwo sèvis biblik, resi/kontra lwaye, lèt yon abri, etadkont kat kredi, etadkont labank ki montre ki kote ou abite.
- Prèv revni fanmi an: Fòm taks sou revni, souch chèk, Lèt TANF/TAFDC, lèt SSI, konpansasyon travay oswa deklarasyon chomaj, sipò timoun oswa akò pou pansion alimantè ki montre konbyen revni fanmi an ye pa ane ak tout sous.

## ***Apre tibebe a fèt w ap bezwen bay:***

- Prèv laj pitit ou: Batistè, sètifikasi batèm, paspò oswa dosye lopital
- Manadjè sante a ap egzaminen tibebe a de (2) semèn apre li fèt.
- Oumenm ak vizitè ka / reprezantan fanmi an pral travay nan yon plan tranzisyon pou tibebe a antre swa nan pwogram Early Head Start ki fèt nan Sant la oswa sa ki fèt Nan Kay la.

# Kisa mwen dwe atann si yo aksepte mwen?

Nou pral rele ou nan telefòn epi ekri ou pa lapòs si yo aksepte ou.

Ou dwe kontre ak Manadjè Sante ak Nitrisyonis la pou fè yon entèvyou konplè sou sante prenatal ak Nitrisyon avan w ap ka enskri.

## **Pwosesis la ka ale pi vit si ou bay pwogram nan enfòmasyon sa yo pi vit posib:**

- Yon kopi dènye egzamen dan ou. Si ou pa gen yon dantis ou ka ranpli fòm referans pwogram nan.
- Yon kopi randevou prenatal ou.
- Yon kopi kat asirans Sante ou.

### **Vizit Lakay ou:**

Yon Vizitè Kay oswa Reprezantan Fanmi ap rele ou pou pwogramme yon vizit lakay ou. Rezon nou fè premye vizit nan kay la sep ou aprann sou ou ak fanmi ou ak diskite plan pwogram nan. Y ap kreye yon plan patenarya fanmi ak objektif ou vle reyalize ak yon orè fleksib ki gen dat ak lè pou reyinyon yo.

### **Oryantasyon Pwogram nan:**

Chak fanmi pwogramme pou patisipe nan yon oryantasyon nan pwogram yo a pou garanti ou enfòme sou sèvis yo pral ofri ou yo ak kijan ou kapab patisipe nan edikasyon pitit ou. Oryantasyon an se yon opòtinite pou paran yo kontre ak manm pèsonèl pwogram nan, aprann sou politik ak pwosedi pwogram nan, epi tandé tout opòtinite enteresan ki disponib yo!

### **Angajman Paran San Rete ak Patenarya ak Manm Pèsonèl la:**

Nou ofri sipò ak ankourajman pou paran yo patisipe nan tout pati pwogram nan. Nou ankouraje paran yo pou yo ofri tèt yo kòm benevòl nan nan pwogram nan, epi patisipe nan sòti lekòl, ansanm ak reyinyon ki fèt regilyèman yo, atelye ak lòt opòtinite edikasyon paran yo. Sa ki pi enpòtan, fanmi ak manm pèsonèl la kreye yon patenarya youn-a-youn pou soutni objektif ou genyen pou pitit ou ak fanmi ou.



**OU KAPAB  
DIFERANS LA.**

# **PREPARASYON POU LEKÒL KÒMANSE LA A.**

***Yvette Rodriguez***  
*Vis Prezidan,  
ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun*

***Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte:***  
**Administratè ERSEA a**  
617.348.6388



Head Start & Children's Services

**ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun se yon pwogram Action for Boston  
Community Development (Aksyon pou Devlòpman Kominote nan Boston)**  
178 Tremont Street • Boston, MA 02111 • 617.348.6000 • [bostonabcd.org](http://bostonabcd.org)